



Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APWOBASYON GWO LIY TRANSMISYON NAN REJYON NÒ ETA A

Otorite Enèji New York la ak pwojè Smart Path Connect National Grid la pral ogmante distribisyon enèji pwòp ak fè avanse objektif aksyon klimatik New York yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la te apwouve rekonstriksyon yon liy transmisyon 161 kilomèt ki enpòtan anpil nan North Country ki nesèsè pou satisfè egzijans Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a. Pwojè a, ke yo rele Smart Path Connect, reprezante yon modènizasyon nan sistèm kolòn vètebral transmisyon New York la ki pral amelyore fyabilite nan tout Eta a. Li pral konplete pwojè Smart Path ak Transmisyon AC ki te apwouve deja epi li pral redui konjesyon ak restriksyon ki afekte kounye a jenerasyon renouvlab yo epi redwi depans kouran yo founi kliyan yo. Pwojè Smart Path Connect pral elimine restriksyon ki egziste deja epi li pral bay yon ekonomi plis pase 447 milyon dola nan depans konjesyon.

"New York fyè dèske l ap dirije revolusyon enèji pwòp la, lè l sèvi avèk pwojè tankou Smart Path Connect pou alimante kominote yo atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap travay pou fè avanse objektif klimatik nou yo ak kreye travay pou lavni, pwojè sa yo se yon eleman enpòtan nan efò nou pou konstwi sistèm transmisyon Eta New York pou bay tout Nouyòkè enèji pwòp".

Se Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) ak National Grid ki posede ak jere liy transmisyon North Country. Pwojè a gen ladan rekonstriksyon apeprè 161 kilomèt liy transmisyon 230 kilovòlt (kV) ki egziste deja pou swa 230 kV oswa 345 kV ansanm ak konstriksyon ak amelyorasyon sou-estasyon ki asosye sou dwa pasaj ki egziste deja nan Konte Clinton, Franklin, St. Lawrence, Lewis ak Oneida.

Pwojè a enkli rekonstriksyon tout oswa kèk pati nan: Liy Moses-Willis 1 ak 2 NYPA, liy Willis-Patnode ak Willis-Ryan NYPA; ak liy Adirondack jiska Porter National Grid, ekstansyon 230 kV Rector Road ki egziste deja jiska Liy 10 Chases Lake, ansanm ak koneksyon nan dwa pasaj Smart Path NYPA a (yo rele tou Moses-Adirondack 1 ak 2 oswa MA 1 ak 2). Pwojè a nesèsè pou reyalize potansyèl pou devlopman enèji renouvlab nan Nò New York.

Rory M. Christian, Prezidan PSC a, te deklare, "Lè pwojè Smart Path Connect la ak lòt pwojè tankou li yo ap fonksyone, y ap bay yon sistèm transmisyon kontinyèl 345 kV ki amelyore anpil kapasite pou founi jenerasyon renouvlab depi nan nò ak lwès New York. Pou pati pa li, Smart Path pral bay benefis ekonomik atravè restriksyon redui. Li pral amelyore fyabilite, sèvi enterè ekonomi sistèm elektrik ak fyabilite, epi bay plis kapasite transmisyon pou resous renouvlab ki nesèsè pou satisfè obligasyon Eta a dapre Lwa sou Klima a".

Senatè Eta a, Joseph A. Griffo, te deklare, "Li esansyèl pou nou kontinye investi ak modènize enfrastrikti enèji nou an pou asire ke elektè yo gen aksè nan enèji ki fyab. Sèvi ak dwa pasaj ki egziste deja se yon pi bon altènatif pase pwopoze oswa mete liy transmisyon atravè kominote yo".

Senatè Eta a, Patty Ritchie, te deklare, "Ou pa reyalize enpòtan elekrisite nan lavi chak jou jiskaske ou fè fas ak enstabilite kouran. Envestisman sa a nan 161 kilomèt nouvo liy transmisyon atravè North Country pral fè yon diferans pou rezidan nou yo ki gen fanmi ak biznis, tankou prèske nou tout, ki depann de elekrisite abòdab chak jou".

Manm Asanble Robert Smullen te deklare, "Pandan enflasyon an ap kontinye chaje eta nou an ak nasyon nou an, li enpòtan pou fanmi nou yo gen aksè nan kouran ki fyab ak abòdab pou kay yo ak biznis yo. Liy transmisyon New York yo se youn nan kolòn vètebral sektè enèji nou an epi mwen kontan wè gwo envestisman nan sistèm transmisyon enèji nou an ap fèt pou benefisyè fanmi Mohawk Valley ak North Country".

New York ap fè amelyorasyon ak adisyon enpòtan nan sistèm transmisyon ak distribisyon Eta a ki egziste deja pou entegre nouvo pwojè enèji renouvlab sou gwo anplè nan rezèv enèji Eta a. Pwojè yo ke yo apwouve jodi a bay yon opòtinite enpòtan pou reyalize benefis enpòtan Lwa sou Klima a pou Eta a an jeneral.

Anplis apwobasyon pwojè Smart Path Connect la, PSC nan aksyon separe, men ki gen rapò, deside sa ki annapre yo:

- **Transmisyon Ewolyen nan Canisteo:** Apwouve konstriksyon yon liy transmisyon 24 kilomèt ant vil Canisteo, Jasper ak Hornellsville, Konte Steuben, ki pral konekte Pak Ewolyen 290.7 megawatt (MW) Canisteo ak rezo elektrik la. Canisteo se youn nan pi gwo pak ewolyen nan Eta New York. Pwojè transmisyon an nesèsè pou konekte Pak Ewolyen Canisteo a ak rezo elektrik Eta a epi, pa konsekan, bay enèji renouvlab nan sistèm elektrik la pou atenn objektif rediksyon emisyon gaz ki etabli nan Lwa sou Klima a.
- **Central Hudson:** Apwouve konstriksyon liy transmisyon Central Hudson Gas and Electric Corporation ke yo rele pwojè H&SB, ki mande pou rekonstwi 38 kilomèt liy transmisyon nan Vil Kingston, ak Vil Ulster ak Saugerties nan Konte

Ulster, ak Vil Catskill ak Vilaj Catskill, Konte Greene. Rekonstriksyon an pral ede satisfè bezwen enèji kominote lokal yo, adrese enfrastrikti ki ansyen yo epi amelyore fyabilite sèvis elektrik.

- **Sound Cable:** Apwouve demann NYPA pou amande plan li yo pou liy transmisyon Sound Cable li a, yon kab transmisyon soumaren 42 kilomèt ki egziste ki konekte sou-estasyon Sprain Brook 345 kV Consolidated Edison Company of New York, Inc., ki sitiye nan Konte Westchester, nan sou-estasyon East Garden City Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority, LIPA) lan, ki sitiye nan Konte Nassau. Apwobasyon sa a ap amelyore fyabilite Pwojè Sound Cable la. Anplis de sa, NYPA pral enstale uit nouvo vout anba tè pou sèvis piblik nan Konte Nassau epi ranplase kab kominikasyon fib optik nan pati tè ki wo yo nan Pwojè Sound Cable nan konte Nassau ak Westchester.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan Lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###